*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№21 (26473)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 10 февраль – æртхъирæны мæйы 10 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПАРТИОН ПРОЕКТТÆ
*Скъолаты бындурон цалцæгæн...*

3 АИВАД
*Ирон джаз æмæ эстрадон оркестр*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

**Нысантæ**

## Александр Новакы балц Ирыстонмæ

**Ивгъуыд сабаты Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр НОВАК кусæг балцы уыд Цæгат Ирыстоны. Регионы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ бынæттон Хицауады уæнгтимæ фембæлдтыты федералон Хицауады бæрнон кусджытæн бæстон ныхас рауад республикæйы дарддæры социалон-экономикон райрæзты фарстатыл.**



Цæгат Кавказы федералон зылды куратор Александр Новакæн регионмæ йæ кусæг балц райдыдта паддзахадон куыстуат "Водоканал" æмæ хæххон-рекреацион комплекс "Мамысон" бабæрæг кæнынæй. Фæстæдæр федералон Хицауады Сæрдары хæдивæг Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты сæргълæуджытимæ цы фембæлд сарæзта, уым ныхас рауад туризмы къабазы дарддæры райрæзтыл.

Боны фæткы фарстатыл ныхасы архайæг уыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары хæдивæг **Владимир Надыкто**, Уæрæсейы экономикон рæзты министры хæдивджытæ **Сергей Назаров** æмæ **Дмитрий Вахруков**, компани "Кавказ.РФ"-йы генералон директор **Андрей Юмшанов**, æндæр федералон ведомствæты минæвæрттæ, стæй зылды регионты хицаудзинады оргæнты бæрнон кусджытæ.



Фембæлды райдайæны Александр Новак куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй бирæ ахсджиаг нысантæ æххæстгонд цæуы туристон къабазы. "Уæрæсейы Президенты амынддзинадмæ гæсгæ цы ахадгæ проекттæ æххæстгонд цæуы, уыдонæй иу у "Мамысон". Курорты фыццаг къæпхæн кусын райдыдта фарон, ныр та архайд цæуы комплексы дыккаг къæпхæны объектты арæзтад кæронмæ ахæццæ кæныныл. Регионы разамындимæ æппæт хъарутæй бацархайдзыстæм, цæмæй "Мамысон" суа раззагдæр хæххон курорттæй иу", – бафиппайдта УФ-йы Хицауады Сæрдары хæдивæг.

Фембæлды архайджытæ фæбæлвырд кодтой "Мамысон" æмæ иннæ цæгаткавказаг курортты дарддæры райрæзты нысантæ. Специалистты хатдзæгмæ гæсгæ, æппæт пълантæ дæр æххæстгонд цæуынц афойнадыл, арæзтæдтыл бæрнон ведомствæтæ æмæ подрядчиктæ сæхимæ райст хæстыл бæрнонæй архайынц.

Александр Новак æмæ Сергей Меняйлойæн цы хицæн фембæлд уыд, уым та сæрмагонд æргом здæхт æрцыд Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон райрæзты нысантæм.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

**Æфсæддон пъæлицæйы бон**

## Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæн – кад!

**Уæрæсейы Президент Владимир Путины Указмæ гæсгæ, 8 февраль нымад æрцыд Æфсæддон пъæлицæйы бонæй. 8 февралы та уый тыххæй, æмæ 1812 азы уыцы бон Уæрæсейы император Александр I бафыста сæрмагонд Указ. Æфсæддон пъæлицæйы архайд, æнæмæнг, хъæугæ уыд. Сæ хæстæ уыдысты хæстон цауты рæстæг æмæ сабыр царды уавæрты барадхъахъхъæнынадмæ биноныг цæст дарын.**

Абон æфсæддон пъæлицæ хъахъхъæны Æфсады фæсчъылдым, æфсæддонты бартæ æмæ сæ дисциплинæ, æфсæддон объекттæ æмæ фæндæгты æдасдзинад, бæрæг æмæ бæлвырд кæны æфсæддонты фыдракæндвæрдта, уый традицитæ дарддæр дæр æххæстгонд цæуынц. Уыдис зын рæстæджытæ, фæлæ дæлхайадæн йæ ахадындзинад уæддæр нæ фесæфт. Абон Украинæйы сæрмагонд æфсæддон операцийы архайы нæ бæстæйы сæддонты ссарын æмæ бауромыны хъуыддæгты. Æнцон нæу ацы куыст, фæлæ уæ архайды ис æнтыстдзинæдтæ, фæлтæрд æмæ арæхстдзинадæй стут хъæздыг, æмæ уын ноджы фылдæр æнтысæд, – загъта Хъазыбег.

Бесланы фыццæгæм скъолайы ахуыргæнæг **Гуыриаты Надеждæ** дæр хъарм ныхæстæй сбуц кодта æрыгон æфсæддонты.

– Æз уæ хонын мæхи лæппутæ! Махæн, хистæр кары адæмæн, стут нæ хъæбултæ, нæ сывæллæтты сывæллæттæ. Алкæуыл дæр уæ нæ зæрдæтæ риссынц, æмæ Стыр Хуыцауæй курæм иудадзыг, сæрæгасæй-иу æрыздæхут уæ хæстон фæндæгтæй, – загъта Надеждæ.

Уæлдæр амынд пъæлицæйы æфсæддонтæй алы хæстыты йæ цард сæрибардзинады сæраппонд кæмæн аскъуыд, уыдоны рухс ном та ссардтой иу минут æдзæмæй алæууынæй æмæ монументыл дидинджытæ сæвæрынæй. Уый фæстæ мадзалы архайджытæ федтой æфсæддон пъæлицæйы хæстон техникæйы равдыст.



Антон ТАРАБАН

**Антон Тарабан**, æвдæм гвардион хайы мотоæхсæг, хицæн полчы кæстæр сержант, сæрмагонд æфсæддон операцийы ис



тæ. Йæ рæнхъыты та сты, алыхуызон локалон хæстыты фæндæгтыл чи рацыд, ахæм æхсыст хæстонтæ. Æфсæддон пъæлицæйæн ис иунæг ахуырадон центр нæ бæстæйы – Дзæуджыхъæуы. Ардæм рæстæгæй-рæстæгмæ сæ дæсныдзинад фæбæрзонддæр кæнынмæ ахуыртæм æрцæуынц æрыгон æмæ астæукары æфсæддонтæ нæ бæстæйы алы регионтæй. Абон сæ фылдæр сты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ.

Дзæуджыхъæуы 8 февралы æфсæддон пъæлицæйы ахуырадон центры фæзы ацыд сæ фыццаг профессион бæрæгбон. Архайдтой дзы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ, æхсæнадон иугонд «Юнармия»-йы минæвæрттæ, æфсæддон пъæлицæйы дæлхайæдты разамонджытæ. Бæрæгбон райдыдта парадæй. Æфсæддон музыкæйы зæлтæм фæзмæ рахастой тырыса. Æфсæддон пъæлицæйы ахуырадон центры хицауы хæдивæг **Алексей Тульский** арфæ ракодта мадзалы архайджытæн æмæ радзырдта Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты сконды æфсæддон пъæлицæйы вазыгджын æмæ ахсджиаг архайды тыххæй.

– Кæддæр нæ бæстæйы император бындур цы æфсæддон дæлхайадæн сæхæстхъом фæсивæд. Се 'хсæн сты нæ æфсæддонтæ дæр – 180 адæймаджы. Уыдонæй 67 хорзæхджын æрцыдысты паддзахадон хæрзиуджытæй. Уæгъдгонд территориты хæссынц æфсæддон службæ. Алы локалон хæстыты дзы йæ цард нæ Фыдыбæстæйы сабыр царды сæраппонд чи ратта, уыдонæн та нæ фæзы æвæрд æрцыд монумент, – загъта Алексей Тульский.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг концлагерь «Освенцим»-ы уацары бахауæг **Карсанаты Владимир** нæ республикæйы Ветеранты советы номæй æфсæддонтæн бафæдзæхста инструктортæм хъусын æмæ сын сæ амынддзинæдтæ зæрдыл дарын.

Дзæуджыхъæуы администрацийы номæй та æфсæддонтæн арфæ ракодта мэры хæдивæг **Маматы Хъазыбег**.

– Æфсæддон пъæлицæйы куыст бæрнон æмæ ахсджиаг у. Цы бирæ нысантæ йæм хауы, уыдон æххæст кæнын бæрнонæй. Æхсызгон у, нæ бæстæйы къæлиндары йын ныр бæрæгбон амынд кæй æрцыд, уый дæр. Æфсæддон пъæлицæ дзуапп дæтты барадхъахъхъæнынады фарстатæн, æфсæддон службæйы рæстæг фыдракæндтæ саразыны хабæрттыты чи бахауы, уыцы æфафæдзæй фылдæр. Фыццаг уыдис, «группа розыска», зæгъгæ, къорды. Бæрæг кодтой, йæхи хæстон хæслæвæрдтæй чи фæтылиф кодта кæнæ алыгъд, уыцы æфсæддонты, стæй аивта пъæлицæйы взводмæ æмæ абоны онг дæр уым ис. Дзæуджыхъæуы ахуырадон центрмæ æрцыд йæ квалификаци фæбæрзонддæр кæнынмæ æмæ мартъийы фæстæмæ Украинæмæ ацæудзæн.

– Ахуырты стæм ног тактикон сæрмагонд цæттæдзинад райсынмæ, уырдæм хауынц: барадон цæттæдзинад, патрулон службæ. Мæхæдæг дæн Сочийы цæрæг. Сæрмагонд æфсæддон операцийы куы архайын, уæд мæ æфсæддон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæнынмæ æрцыдтæн ардæм, уымæн æмæ, æз цы дæлхайады рæнхъыты дæн, уымæн æрмæстдæр иунæг ахуырадон центр ис Ирыстоны. Ис нын фæлтæрдджын инструктортæ, хæстон фарстатæ бæлвырд æмæ æххæст чи зоны, ахæмтæ, – дзырдта Антон.

Æфсæддон пъæлицæйы бæрæгбоны нæ республикæйы сфæлдыстадон къордтæ æфсæддонты зæрдæтæ барухс кодтой концертон программæйæ.

**САУТÆТЫ Тамилæ,**
**къамтæ систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

**Программæ «Æхсарджын Ирыстон»**

## Ахуырты æртыккаг къæпхæн

**Цæгат Ирыстоны дарддæр æххæстгонд цæуы регионалон программæ «Æхсарджын Ирыстон». Программæйы архайджытæ сты сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ. Бахъуаджы сахат кæдфæнды дæр Фыдыбæстæйæн баххуыс кæнын у сæ сæйрагдæр хæс. Уыдон нæ Фыдыбæстæ хъахъхъæдтой сæрмагонд æфсæддон операцийы, ныртæккæ та архайынц нæ республикæйы хорздзинадыл. «Æхсарджын Ирыстон»-ы архайджытæ зонынц, сæ размæ цы стыр нысантæ æвæрд ис, уый.**



Программæ «Æхсарджын Ирыстон»-ы архайынц 32 æфсæддоны. Программæ арæзт æрцыдис РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** хъæппæрисæй федералон проект «Хъæбатырты рæстæг»-ы фæлгæты. Ахуырты программæ цæудзæн афæдзы дæргъы. Уый фæстæ йæ архайджытæн уыдзæн, хицаудзинады регионалон æмæ муниципалон оргæнты, стæй, æхсæнадон иугæндты кусгæйæ, сæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад равдисыны фадат.



Ныридæгæн уал кæронбæттæны архайджытæн ахицæн сты фыццаг æмæ дыккаг къæпхæны ахуыртæ æмæ райдыдта æртыккаг къæпхæн. Фидæны разамонæг кусджытæн лекцитæ æмæ семинартæ арæзтой хицаудзинады паддзахадон æмæ муниципалон оргæнты кусджытæ, министртæ æмæ æндæр специалисттæ.

Æртыккаг къæпхæны программæйы фæлгæты «Æхсарджын Ирыстон»-ы архайджытæ бабæрæг кæндзысты æнæниздзинад хъахъхъæнынады, культурæйы, социалон æмæ спортивон къабазы уагдæттæ æмæ ма регионы разамынды центр. Лекцитæ сын кæсдзысты Уæрæсейы Президенты цур Адæмон хæдзарад æмæ паддзахадон службæйы уæрæсейаг академийы Уæлдæр скъолайы минæвæрттæ. Программæйы кæронбæттæны архайджытæ дарддæр дæр стажировкæ кæндзысты хицаудзинады республикон оргæнты.

Æртыккаг къæпхæны ахуырты райдайæны размæ фидæны разамонæг кусджытимæ фембæлдысты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Платы Альбинæ** æмæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæджы фыццаг хæдивæг **Биасты Игорь**.

– Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзынæн, ацы ахуырадон программæ сарæзтам мæскуыйаг специалисттимæ иумæ. Арæзт цæуы цыппар къæпхæнæй. Йæ сæйраг нысан у канд зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад нæ, фæлæ алы уæлахиздзауæн дæр куысты бынат ссарын. Мæ зæрдæ сын зæгъы æнтыстдзинæдтæ! Размæ, æрмæстдæр – размæ, – загъта Платы Альбинæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ,**
**къамтæ систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

РÆСТДЗИНАД № 21 (26473) 2026 АЗЫ 10 ФЕВРАЛЬ – ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙЫ 10 БОН

# Арфæ

## БИБЫЛТЫ Анатолийæн



*Хуссар Ирыстоны раздæры президент Бибылты Анатолийæн йæ райгуырæн боны фæдыл зæрдиаг арфæ кæнæм. Нæ зæрдæ йын зæгъы æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ кæстæрты рæсугъддзинад!*

*Анатоли у нæртон адæймаг йæ хъуыддæгты, æвæллайгæ – йæ фæндты: дыууæ Ирыстоны иугæнæг, ирон дзыллæйæн кад æмæ æгъдаухæссæг, кæстæр фæлтæрæн ныфс æмæ бирæвæрсыгæй дæнцæг.*

*Ныртæккæ ирон лæппутимæ Анатоли ис сæрмагонд æфсæддон операцийы, Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау сæрыстыр æмæ хъаруджынæй хæссы йæ бæрнон хæс нæртон лæппутимæ.*

*Анатоли, Уастырджийы фæдзæхст у! Дæ зæрдæйы цы рæсугъд фæндтæ ис дыууæ Ирыстоны æмæ Райгуырæн бæстæйы фарнæн, уыдон дын сæххæст уæнт! Дуне йæ уæззау уавæр æмæ уаргъæй куыд сулæфа, сабырдзинад куыд фæуæлахиз уа, уыцы амонд уæд!*

*Уæлахиз уæнт сабырдзинад æмæ адæмты хæлардзинад!*

**УАТАТЫ Зелим æмæ ОТАРТЫ Хъазыбег**

«Иугонд Уæрæсе»-йы проекттæ

# Скъолаты бындурон цалцæг

**Парти «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады уæнгтæ æмæ Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды депутатты иумæйаг къорд, партион проект «Ног скъола»-йы фæткмæ цæстдарды мадзæлттæ аразгæйæ, бабæрæг кодта цалдæр горæтаг ахуырадон кусæндоны. Уыдоны нымæцы – 5-æм гимназы райдайæн кълæсты бæстыхай æмæ 8-æм скъола (уый æрбынæттон Хуссайраг поселочы).**

Инспекцион къорды уæнгтæ аргъ скодтой амынд скъолаты бындурон цалцæджы куыстыты хæрзхъæддзинадæн. Уыимæ, цалцæджы куыстытæй уæлдай, каст цыд, кълæстæ æмæ иннæ ахуырадон бæстыхæйттæ хъæугæ хæдзары дзаума æмæ техникон фæрæзтæй куыд ифтонг сты, уымæ дæр.

Цæстдарæг къорды уæнгтæ æрзылдысты кълæстыл, ахуырадон æрмадзтыл, хæрæндæттыл, спортивон æмæ æмбырдтæаразæн залтыл...

«Æмткæй райсгæйæ, разыйæ баззадыстæм, скъолаты бындурон цалцæджы куыстыты куыд æххæстгонд æрцыдысты, уымæй. Уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр уавæр рахатыдыстæм 8-æм скъолайы – уыцы кусæндон иннæтæн дæр цæвиттонæн хæсдзыстæм», – йæ хатдзæджы фæбæрæг кодта партион проект «Ног скъола»-йы регионалон координатор, Цæгат Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк.**





Амынд партион проект куыд æххæстгонд цæуы, ууыл æрæджы бæстон ныхас рауад федералон штабы æмбырды. Уыцы фембæлды раззагдæр регионты хыгъды уыд РЦИ-Алани дæр. Штабы уæнгты хатдзæгмæ гæсгæ, иумæйагахуырадон кусæндætты бындурон цалцæджы программæтæ республикæ бæрнонæй æххæст кæны. 2026 азы рацарæзты пълантæм регион бахаста 24 скъолайы, 6 рæвдауæндон æмæ астæуккаг профессион ахуырады 6 кусæндоны.

«Парти «Иугонд Уæрæсе»-йæ æвзæрст депутатты 'рдыгæй иудадзыгон цæстдард ис, бындурон цалцæг кæм цæуы, уыцы ахуырадон кусæндætты уавæрмæ. Нæ абоны инспекци дæр арæзт æрцыд уыцы архайды фæткыл. Скъолаты цалцæг æмæ техникон ифтонгдзинады æууæлтæн хорз аргъ кæнгæйæ, рахатыдыстæм лыстæг хъуагдзинæдтæ дæр. Æппæт фиппаинæгтæ дæр бадæтдзыстæм бæрнон ведомствæтæм æмæ бæрæг кæндзыстæм, куыд æххæстгонд цæуынц, уый», – радзырдта Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимур.**

**САНАТЫ Альбинæ**

Æмбырд

# Æрвылбон æнæрынцойæ кусгæйæ

**Нæ республикæйы фæндæгтыл ивгъуыд къуыри æрцыд 100 фæндаггон-транспортон фыдбылызы. Хъыгдард дзы баййæфтой 17 адæймаджы. Арæхдæр фыдбылызтæ æрцæуынц, машинæтæ кæрæдзийы ныхмæ куы рацæуынц, уæд. Эпидемиологион уавæр Цæгат Ирыстоны нæ аивта, 18 адæймаджы фæрынчын сты коронавирусон инфекцийæ.**



Ацы нымæц аппаратон æмбырды фехъусын кодта «Роспотребнадзор»-ы разамонæг **Тыбылты Алан** æмæ бафтыдта, Ахуырад æмæ наукæйы министрадимæ кæй бæрæг кæнынц скъоладзауты æнæниздзинад.

скъолатæн ног 20 автобусы райсынæн бадзырд бафыстой, афтæмæй сæ нымæц 165 уыдзæн. Ныхас цыд профилон, комкоммæ та туристон нысаниуæгимæ кълæстæ гом кæныныл, ныридæгæн уал кусынц 16 ахæм кълæсы. хъæугæ мадзæлттæ. Алы дзæнгæрæг дæр мæнг разынд.

«Межрегионгаз»-ы разамындæн Сергей Меняйло бафæдзæхста цæхæрадæтты æмбалад «Сады Шалдона»-йы фарстамæ æркæсын, уазал рæстæг цалынмæ у, уæдмæ газæй макæй цух кæнын.

Доны фарстайыл дзургæйæ, республикæйы Сæргълæууæг бафæдзæхста нымайæн приборты æнæкъуылымпыйæ æвæрын фæкæсинаг, бирæсывæллонджын æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæн.

Ныридæгæн уал 800 приборы сæвæрдтой «Водоканал»-ы кусджытæ.

Республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Митциты Астан** фехъусын кодта, ныртæккæ рынчындæтты сæхи кæй дзæбæх кæнынц 3 860 адæймаджы, «Тагъд æххуысы станцæ»-йы дохтыртæ къуыримæ рынчынтæм рацыдысты 4 465 хатты. Регионы разамонæг ын бафæдзæхста, цæмæй, льготон хостæ кæмæн æмбæлы, уыдон сæ æнæкъуылымпыйæ исой, фелсырон пункттæ æмæ амбулаторитæ æххæст уой хъæугæ медицинон



Æмбырд амыдта республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Дзуапдæттæн доклады Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** фехъусын кодта, Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны арæнты сæрты ахизынмæ рады кæй лæууынц 2070 машинæйы. Ивгъуыд къуыри арæнты сæрты дыууæрдæм ахызт аст мин машинæйы æмæ 19 мин адæймагæй фылдæр. Ныртæккæ Арвыкомы фæндаг у гом транспорты алы хуызтæн дæр.

Нæ республикæйы фараст рæвдауæндоны æххæд æрцыдысты карантины аххосæй. Скъоладзауты 13 проценты æмæ рæвдауæндæтты хъомылгæнинæгты 16 проценты сты рынчын, уый тыххæй аппаратон æмбырды загъта ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**. Ирыстоны историйы олимпиадæ скъоладзауты 'хсæн ацæудзæн æртыццæджы, 11 февралы. Уыимæ, Министр æхсызгонæй фехъусын кодта, ахуырадон 500 куыстуатæн электронон бюджетæй пайда кæныны фадат кæй фæзынд, уый.

Сергей Меняйлойы хъуыдымæ гæсгæ, фылдæр æргом аздахын хъæуы ахуырадон куыстуæтты æфсæддон-патриотон хъомылады уынаффæгæнджыты куыст рапарахат кæнынмæ.

Ахæм ахуыртæ ацæуыны фадат ис федералон программæйы бындурыл.

Республикæйы Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 2-8 февралы нæ регионы æрцыд 174 фыдракæнды, уыдонæй бантыст 114 раргом кæнын. Сарæх сты, æбæрæг фыдгæнджытæ сайдæй куы бадзурынц телефонæй, иу кæнæ иннæ ран рæмудзæн æрмæг ис, зæгъгæ, ахæм цаутæ. Сæрмагонд оргæнты кусджытæ æвæстиатæй бабæрæг кодтой 123 ахæм объекты, сарæзтой æппæт кусджытæй, уæлдайдæр дæрддзæф хъæуты.

Æппæтуæрæсеон куысты бынæтты армукъа «Работа России» райдайдзæн 17 мартъийы, æмæ дзы нæ республикæ дæр хъуамæ бацархайа. Куыд æм цæттæ кæнынц, уый тыххæй фехъусын кодтой республикæйы Сæргълæууæгæн.

Аппаратон æмбырды Сергей Меняйло министрадтæ, ведомствæтæ æмæ районты разамонджытæн бахæс кодта, цæмæй сæ куыст хæрзхъæддæр уа, цæмæй нысанмæарæзт программæтæ æххæстгонд цæуой, уый тыххæй хъæуы æрвылбон кусын. Ныхас цыд фæндæгты арæзтадыл, скъолаты бындурон цалцæгыл, культурæйы аивадон къордты архайдыл, Дзæуджыхъæуы Уæлахизы парчы рацарæзты проектыл æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Уæлахизхæссæг фæлтæр

# Хæстæн нæ райгуыры сылгоймаг

**Советон æфсад Мæздæг гитлерон лæгмартæй куы суæгъд кодтой, ууыл рацыд 83 азы. Бахъомыл сты ног фæлтæртæ. Уыдонæн Фыдыбæстæйы Стыр хæст у историон цау, чиныджы сыф. Уымæ гæсгæ уæлдай æргом аздахын хъæуы фæсивæды патриотон хъомыладмæ. Акцитæ, æндæр мадзалтæ аразгæйæ, рох кæнæн нæй сæйрагдæр – цы стыр аргъ бафыстой нæ фыдæлтæ Уæлахизы сæраппонд! Рæзгæ фæлтæр хъуамæ хъусой сæ хистæртæй, Советон æфсад кæй фæуæлахиз, уый бангом кодта Уæрæсейы адæмты, хъуамæ зоной, чи уыдысты уыцы хъайтартæ, – райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджытæ, уыимæ рох ма уой не 'мзæххонты нæмттæ , – хæсты быдыры, фæсфронты йе 'ххуысы хай чи хаста Уæлахизмæ, уыдон.**

Хæст... Цы ма ис уымæй уазалдæр, тæссагдæр дзырд. Адæмы хъизæмæрттæ, мæлæт, тугкалд... Фæлæ бахъуаджы рæстæг лæгæвзæрстæй рацыдысты Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ. Нæлгоймæгты фарсмæ знаджы ныхмæ тохы бацыдысты сылгоймæгтæ дæр. Архайдтой партизанты змæлды, къахтой акъоппытæ, фæсфронты уæззау куыст кодтой, фæзындысты артиллерион отрядтæ æмæ тæхæг эскадрилитæ. Хъуамæ афтæ ма уыдаид, сылгоймагæн æрдз йæ размæ æндæр ахсджиаг хæстæ æвæры. Фæлæ сæ хъæбатырдзинад, æнæсæтгæ хъару дисы æфтыдтой знаджы. Сæ нæмттæ цæрдзысты æнустæм.

Ирыстон стыр æвæрæн бахаста Уæлахизмæ. Йæ хъæбултæй 45 мин хæстоны нал сыздæхтысты сæ къонатæм. Иннæты фарсмæ хъæбатырæй хæцыдысты Мæздæджы цæрджытæ, æхсæз мин адæймагæй фылдæр карз тохы бацыдысты знаджы ныхмæ.

Барвæндонæй чи ацыд хæстмæ, уыдонæй иу – Гæбулты Зойæ. Райгуырд æмæ схъомыл Мæздæгæй 30 километры дарддæр хутор Пиевы бирæ бинонты 'хсæн. Йæ фыд Николай репрессийы бахауд æмæ ахæстоны амард, йæ мад Нинæ иунæгæй хаста йæ сидзæрты. Фæстæдæр хуыздæр цард агурæг бинонтæ æрцардысты Мæздæджы. Зойæ уыд 6-æм скъолайы хуыздæр ахуырдзау, фæскомцæдисон уæвгæйæ, активонæй архайдта æхсæнадон куыстыты, æххуыс кодта колхозæн тыллæг æфснайынмæ. Йе 'мгæрттимæ ахуыр кодтой хæцæнгарзимæ архайын, æхсын, рацийæ пайда кæнын. «Йæхицæй уæздандæр, хæрзæгъдаудæр чызг нæ уыдис», – дзырдтой, чи йæ зыдта, уыдон. Зойæ уæлдай тынгдæр фидыдта йæ даргъ быд дзыккутæй. Æрыгон чызгæн йæ стыр бæллиц уыдис бинонтæ скæнын, сабитæ хъомыл кæнын, фæлæ йæ фæндтæ æрдæгыл аскъуыдысты...

Мæздæджы цæрджытимæ къахта акъоппытæ, траншейтæ, танк уромæн той, кæм фæмард уый, æмæ йæ стæгдар кадимæ баныгæдтой Малгобекы æфсымæрон ингæны. Гæбулты Зойæйы номыл фыст æрцыд æмдзæвгæтæ, 3-æм скъолайы къулыл ис номарæн фæйнæг, йæ ном хæссы Мæздæджы рæсугъддæр уынг.

Терскаг станицæйы схъомыл ис Полинæ Подберезная. Уыдис цымыдис, уæздан чызг. Фæскомцæдисон уарзта фыссæг Николай Островскийы уацмыстæ, йæ уарзон хъайтар уыдис Павел Корчагин. Педагогон училищæйы ахуыргæнгæйæ, цымыдисæй архайдта алы къордты – зарынмæ, гитарæйæ цæгъдынмæ, спорты архайынмæ хорз арæхст. арæхстдзинадæй, стæй уæд иуцасдæр ницыуал сдзырдта.

– Знаджы фæсфронты дæ бон кусын бауыдзæн?
– бафарстой чызджы.
– Уый хъуыдыйаг нæу, хæст цæуы. Разы дæн, – дзуапп ратта Полинæ. Дæсны сгарджытæ йæ зонгæ кодтой куысты сусæгдзинæдтимæ. Йæ фæсномыг уыд «Дианæ». Не 'фсæдтæн стыр æххуыс чи баци, ахæм хъæугæ информаци бирæ æмбырд кодта. Иу хатт сбæрæг кодта, радиостанцæ æмæ бирæ хæцæнгарз кæм æмбæхстой, ахæм фатер. Кулаччы фырт, гестапойы æххуырст, æппæтыл дæр басаст. Полинæ ницыуал базыдта уымæн, æр



Хæсты азты архивæй ист къам

дзыхъхъытæ. Знаг хæстæгдæр кодта Цæгат Кавказмæ. Æфсæддон комиссарадмæ бацыд Зойæ æмæ разыйы дзуапп райста. Алыг кодта йæ рæсугъд дзыккутæ.

Службæ кодта 76-æм бастдзинады батальоны. Знаджы танкты æртæ колоннæйы бырстой размæ Грозна æмæ Бакуйы нефтмæ. Советон æфсæдтæ сын ныхкъуырд лæвæрдтой, фæлæ уæддæр 1942 азы августы знаг æрлæууыд Мæздæджы зæххыл.

Малгобекмæ цы ротæ ацыд, уыдонимæ æвæстиатæй бастдзинад скæнын, – ахæм хæслæвæрд уыдис Зойæ æмæ йæ дыууæ æмбалæн. Знаджы нæмгуыты бынмæ, сæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, баиу кодтой телтæ, фæзынд бастдзинад. Райхъуыст сармадзаны срæмыгъд, нæ аирвæзт Зойæ, ныккалд 18-аздзыд чызджы туг. Бирæ азты фæстæ хиуæттæ базыдтой, кæм фæмард уый...

Бафæндыд æй немыцаг æвзаг сахуыр кæнын, цæмæй йæ зыдта, хæстæг рæстæг уыцы зонындзинæдтæ ахсджиаг кæй суыдзысты. Фæстæдæр йæ ныййарджытæ Михаил æмæ Матренæ, йæ гыццыл æфсымæр Лешæ æрцардысты Малгобекы, Полинæ куыста совхозы скъолайы. Цард мидбылты худт бинонтæм. Фæлæ хæст хæст у, уæззау бонтæ скодта Мæздæджы зæххыл, нефтяникты горæт Малгобекы уындæй зæрдæ мæгуыр кодта, дæрæн æй кодтой танктæ, хæдтæхджытæ. Йæ куыстæй æрлæууыд скъола дæр, æмæ Полинæ æххуыс кодта госпитæлы кусджытæн. Иуахæмы, уацары уæвæг немыцаг афицерæн йæ цæфтæ баста æмæ йемæ немыцагау сдзырдта. Дыууæ сахаты фæстæ чызгмæ фæдзырдтой штабмæ. Булкъон, йемæ ныхасгæнгæйæ, разыйæ баззад йæ цахстой йæ, бирæ йæ фæудхар кодтой, фæлæ дзы æппындæр ницы фехъуыстой. Нæ бацауæрстой лæгмартæ æрыгон ахуыргæнæгыл, фехстой йæ боныцъæхтыл. Ныр уыцы ран алы уалдзæг ракалынц дидинджытæ, хъуысы сывæллæтты худын.

Цард цæуы! Уый тыххæй ратта йæ цард Полинæ Подберезная. Йæ ном цæрдзæн æнустæм.

Мæздæджы Фæскомцæдисон парчы ис цыртдзæвæн хъæбатыр хæстон чызг Любовь Кондратенкойæн. Йæ бинонтæ 1922 азы Краснодары крайæ æрбалыгъдысты Мæздæгмæ. Ам Любæ бауарзта хъазахъхъаг зарджытæ, адæм æм хъусынæй не 'фсæстысты. Йе 'мгæрттæ 'хсæн раздзог уыдис, фæндыд æй алцы зонын, бæстæтæ фенын. Бирæ уарзта сывæллæтты, уымæ гæсгæ райста ахуыргæнæджы дæсныйад.

Куыста ногдзауты разамонæгæй скъолайы, стæй сæрдыгон лагерты. Йæхæдæг хорз зыдта ленк кæнын æмæ скъоладзауты дæр ахуыр кодта.

Ахуыргæнæг уæвгæйæ, дæсны бадт бæхыл, зыдта хæцæнгарзæй æхсын, сахуыр кодта азбукæ Морзе, архайдта драмон къорды. Фæлæ йæ рæсугъд бæллицтыл иуварс ахæцыд 19-аздзыд чызг. Сырх æфсады рæнхъыты хæцыд 2-æм Уæлдæфон æфсады æхсæг-радистæй. Йæ хæстон æмбал Степан Виноградовимæ 40 хаттæй фылдæр сæ хæдтæхæгыл уыдысты уæлдæфы. Курскы хæсты хъæбатырдзинад кæй равдыста Люба, уый тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Сырх стъалыйы орденæй.

Знаджы танкты колоннæ ныппырх кæнын, – ахæм хæслæвæрдимæ ИЛ-2, йæ пилот æмæ æхсæг-радистимæ 1943 азы 6 ноябры стахт уæлæрвтæм. Сæ маст бæргæ систой знагæй, бæргæ ныппырх кодтой танкты колоннæ... Полчы ма бирæ æнхъæлмæ кастысты сæ хæстон æмбæлттæм, уыдонæн та уыд сæ фæстаг стахт.

«Æбæрæгæй фесæфтысты», – загътой сæ хиуæттæн. Киевы бынмæ, хутор Ивановкæйы 12 азы фæстæ ссардтой се стæгдартæ. Сыбираг лæппу æмæ мæздæггаг чызгæн сæ дзыппыты сæ фæскомцæдисон билеттæ, къамтæ, фыстæджытæ, сæ хæцæнгарз. Æфсæддон кадимæ сæ баныгæдтой Киевмæ хæстæг горæт Васильковы. Ныр Любæйы ном хæссы Мæздæджы уынгтæй иу, стæй районы кусджыты поселок. Йе сгуыхтдзинадыл фыст æрцыд чингуытæ. Скъоладзаутæ ахуыр кæнынц Любæ Кондратенкойы номыл скъола æмæ кълæсты. Цыдис ыл æрмæст 21 азы. Хъæбатыртæн ис райгуырд, фæлæ сын нæй мæлæт.

О, сылгоймаг хæстæн нæ райгуырд. Фæлæ цал æмæ цал мæздæггаг чызджы барвæндонæй ацыдысты хæстмæ. Мария Погосова, Соня Манукянц, Нинæ Гетта, Мария Листопадова, Мария Коробова, Зинаидæ Шаповалова, Хуыгаты Надеждæ, Нинæ Мацко, Надеждæ Сухорукова, Линæ Черскова, Клавдия Чучулина æмæ бирæ æндæртæ.

**ЧЕЛДЫТЫ Симæ,
Мæздæджы бæстæзонæн музейы директор**

Нæ хæзна

# Ирон джаз æмæ национ-эстрадон оркестр

**«Бон дыууæ концерты куы раттæм, уæддæр дзы иу иннæйы хуызæн нæ вæййы. Хицæн кæнынц импровизацийæ, агурæм сфæлдыстадон гæнæнтæ æмæ сæ арæм», – зæгъы Суанты Кимы номыл паддзахадон национ-эстрадон оркестры аивадон разамонæг КЪÆБОЙТЫ Николай.**

Бирæвæрсыг егъау программæ ис оркестрæн, партитурæйы – фондзсæдæ уацмысæй фылдæр. Оркестртæн композитортæй инструменталон музыкæ бирæтæ нæ фыссынц. Ирыстоны ууыл хæст уыд дзæнæты бадинаг Ælборты Феликс, стæй, абон йæ райрæзтыл чи кусы, уыцы композитортæ – **Махъоты Ацæмæз, Диамбегты Олег** æмæ оркестры аивадон разамонæг йæхæдæг. Оркестр сæ, бæрзонд æмвæзадыл цæгъдгæйæ, хæссы адæммæ, хæрзхъæд ирон джаз æмæ сыл инструменталон музыкæ парахат кæны. Ирыстоны алы рæтты Пушкины картæтæм гæсгæ æрыгон фæлтæрæн концерттæ чи дætты, иунæг ахæм оркестр у. Æрæджы та Елхоты уыдысты, районы Культурæйы хæдзары раттой ивгъуыд æнусы хуыздæр ирон зарджыты концерт «Хиты XX века». Залы бадджытæ разыйæ баззадысты, уый бæрæг уыд, сценæйы цы цыд, уымæ ахастæй. Уæвгæ, сæ алы концерт дæр афтæ рауайы. Цас хъарутæ йыл бахардз кæнынц йæ саразджытæ, уый æрбацæуджытæй сæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн вæййы.

Оркестр куы арæзтой, уæд тырныдтой, ирон джаз адæмыл чи парахат кæндзæн, ахæм культурæйы артдзæст снывæндынмæ, æмæ сын æнтысгæ дæр бакодта. Гастрольты куы вæййынц, уæд ирон джаз фæцæгъдынц – уый се сфæлдыстадон фæндаг у. Оркестр арæхсы цавæрфæнды уацмыс дæр ацæгъдынмæ, фæлæ йын сæйрагдæр у равзæрст фæндаджы нысан æххæст кæнын. Уымæй хицæн кæны иннæтæй. Уæрæсейы хуссары ис цалдæр джазы оркестры. Цæгат Кавказы ацы структурæ саразæг Ким Назаретовы номыл Ростовы ис дыууæ, уæвгæ та облæсты сты æртæ. Стыр æххуыс бакодта Ким Аведикы фырт ирыстойнаг оркестрæн, суанг, Ростовы консерваторийы Ирыстонæй джазыл чи ахуыр кодта, уыдонæн дæр стыр ахъаз уыд, Дзæуджыхъæу-мæ дæр ссыд. Дзæнæты бадинаг Георгий Гаранян Краснодарæй оркестры хорз хæлар уыд. Ныр йæ номхæссæг къордæн разамынд дætты, дæс азы Суанты Кимы номыл оркестры чи бакуыста, уыцы саксафонист Юрий Красильников. Республикæйы ахуыргæнæндæтты рауагъдонтæй дæр дзы цалдæрæй кусынц.

2000 азæй арæзт цæуы музыкалон фестиваль «Джазы аз», ныр цæттæ кæнынц, 1 апрелы дыууын æхсæзæм хатт чи уыдзæн, уыцы «Джаз-26»-мæ. Баст у оркестры равзæрды бонимæ. Ацы хатт æм æрбахуыдтой, Америкæйы каст чи фæцис, Парижы джазы музыкæйы ахуыргæнæгæй чи кусы, ахæм адæймаджы. Йæ ном нырма сусæггаг у, фæстæдæр æй схъæр кæндзысты. Николай куыд зæгъы, афтæмæй равдисдзæн, ирæттимæ куыд зарæн ис, уый. Æрвылазон концерт цымыдисаг, аккаг æмвæзадыл цæмæй ацæуа, ууыл удуæлдайæ архайы оркестры аивадон разамонæг.

Алы концертмæ дæр зæрдиагæй цæттæ кæнынц иууылдæр, кусæгæй райдай æмæ адæмон артистæй фæу, æдæппæтæй сты 39 адæймаджы. Хъазгæмхасæн сæ «адæмон артистты къорд» хоны сæ сæргълæууæг.

– Нæ куыст комкоммæ баст у электрон рухсимæ. **Джиоты Джанлей** у диссаджы контрабасист, басгитарист, зарæггæнæг, композитор. Æмæ нын ацы хъуыддаджы дæр стыр æххуыс у, архайы лæвар. Мах, сфæлдыстадон кусджытæ, куы нæ фæлтæрæм, ногæй куы ницы аразæм, уæд мидцоппай кæндзыстæм. Амонджын дæн, оркестры се 'ппæт дæр кæй архайынц адæммæ хорздзинад хæссыныл, уымæй, – йæ коллективимæ нæ зонгæ кæны Николай Алыксандры фырт.

– Ким æмæ Коля сты национ-эстрадон оркестры ныййарджытæ. Къæбойы-фырт та дарддæр хæццæ кæны, Ким йæ фæстæ кæй ныууагъта, уыцы традицитæ. Йæ ацыды фæстæ мæ æрбахуыдтой оркестрмæ, цы зарджытæ зарыд, уыдон ныр æз кæнын. Джазы зарæггæнæг нæ дæн, фæлæ бирæ уарзын ацы жанр. Эллæ Фицджеральд, Каунт Бейси мын ме 'рыгон бонтæй сты уарзон, фæлæ æз ирон зарæггæнæг дæн. Оркестр та у мæ царды иу хай, мæ хæдзар, йæ æркæсинаг фарстатæ дæр мæн сты. Мызд цас райсдзынæн, ууыл нæ хъуыды кæнын. Æз артист дæн! Оркестры ис, фæндыр кæм хъæуы, ахæм зарджытæ, ис ахæмтæ, аранжировкæйы руаджы ног айзæлд чи райсынц. Национ æмæ эстрадон айзæлд куы баиу вæййынц, уæд дзы рауайы цæвиттойнаг уацмыс, – йе 'нкъарæнтæ нын халы оркестры солист, нæ республикæйы æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артист **Дауыраты Эдуард.**








Суанты Кимы сфæлдыстад дарддæр ахæццæ кодта Эдуард, фæлæ ма йæ фæстæ цас ног уацмыстæ сарæзта, цас ног зарджытæ акодта! Цас зæронд зарджытæ раздæхта цардмæ республикæйы адæмон артисткæ **Дзæхойты Зæлинæ!** Уæрæх у йæ жанрон диапазон оркестры иннæ солист **Ситрак Налбандянæн. Сабанты Валери** – республикæйы адæмон артист, оркестры вокалист. Йæ рæстæджы Дауыраты Эдуардимæ каст фесты ГИТИС-ы актеры хайад, нæ уацхæссæг оркестры коллективимæ цы бон фембæлд, уыцы рæстæг Валери йе 'нæниздзинад фидар кæнынмæ уыд, æмæ нын йемæ аныхас кæнынæн нæ фæзынд фадат.

– Оркестры Сабанты Валерийæн йæхи бынат ис. Ныр мæ фарсмæ нæй, Елхотмæ концерт ласдзыстæм, æмæ мын цыма цыдæр нæ фаг кæны, афтæ мæм кæсы, – йе 'мбалыл сагъæсы хъуыдытæ уæгъд нæ уагътой Эдуарды. Артисттæ кæрæдзийы баивынц концерты рæстæг, фæлæ сæ оркестры алкæмæн дæр йæхи бынат ис.

Диссаджы лирикон сопранойы хицау у къорды æрыгон зарæггæнæг, Хуссар Ирыстоны сгуыхт артисткæ **Бестауты Дианæ**. Ирон джаз æмæ эстрадон вокалон зарджытæ ирон æвзагыл аивæй зæлынц йæ зæрдæйы арфæй. Алыхуызон сты зарæггæнджыты аивады хицæн æууæлтæ, сæ цæстæнгас репертуармæ, фæлæ оркестры аивадон разамонæг алкæй курдиатæн дæр дætты райхæлыны фадат, хæстæгдæр ын цы у, уыцы уацмыстæ зарын.

– Иу бинонтау стæм, зонæм кæрæдзийы цард, искæмæ тыхстдзинад куы фæзыны, уæд æххуысмæ цæттæ стæм. Фонограммæмæ гæсгæ нæ зарæм – оркестры цагъд бынтон хицæн кæны уымæй. Оркестр дæ разы ис, музыканттæй алкæмæн дæр ис йæхи цагъды уаг, стæй зæрдæйы ахаст. Æрæджы нæ барабантыл цæгъдæг Арменимæ ныхас кодтам, æмæ, зæгъын, цы дзæбæх ногдзинад бахастай цагъдмæ! Уый мын дзуапп ратта, федтон, дæ дыууæ къухы хистæр æнгуылдзтæ хæрдмæ куыд систай, тынг у, зæгъгæ, мын куыд ацамыдтай, уый. Микрофонæй аиуварс кæнынæн мын нæ уыд фадат, фæлæ йæ цагъдмæ мæ ахаст уыцы хуызы равдыстон. Зарæггæнæг æмæ оркестр иу цардæгас иуæг сты. Куы инструменттыл цæгъдджытæй исчи импровизацийæ саив кæны цагъд, куы та заргæ-зарын Николай æрбалæууы мæ фарсмæ, æмæ иумæ акæнæм йæ базард. Тæригъæд кæнын, фонограммæимæ чи кусы, уыдонæн. Махæй йæм ничи арæхсы, сценæйыл нæ фæнды бирæвæрсыг уæвын, нæ рахызт фæаивдæр кæнынмæ тырнæм алы хатт. Нæ куыстимæ зонгæ чи нæу, уыдонмæ афтæ кæсы, æмæ æнцон у.

Горæты бонмæ Мæздæджы лæвæрдтам концерт. Бæстæ арыдта, тæвдбарæныл уæлдæфы температурæ уыд 42 градусы. Мæ сæрыхил цыбыр у, бауадтæн-иу къранты цыхцырæгмæ мæ сæр бадарынмæ, асæрфтон-иу æй æмæ та-иу фæстæмæ сценæмæ рахызтæн. Адæм уыцы тæвды дæр нæ ахæлиу сты, бадтысты æмæ концертмæ кастысты, – зæгъы Дзæхойты Зæлинæ.

– Оркестримæ зарын расыггæнæн хосау у – йæ цагъдмæ буар цавæрдæр æхцонад исы. Уыцы иу зарæг, фæнда дæ – нæ, алы хатт æндæрхуызон вæййы. Куы йæ акæныс, уæд та буар дæр йæхимидæг фæзары. Сфæлдыстад æз афтæ 'мбарын: сценæмæ рахизыс, йæ зæлынад та алы рæтты фæйнæхуызон у. Цавæрдæр æнæнхъæлæджы уавæры бахауыс, фæлæ дзы де 'мкусджыты руаджы сарæхсыс рацæуын, уымæн æмæ уый сфæлдыстадон куыст у. Афишæйыл куы фенын, уал азы сфæлдыстады ис, æмæ, куы зонай, уыцы рæстæгмæ фонограммæимæ (фынддæс азы размæ йæ ныффыста æмæ абон дæр уыимæ рацæуы адæмы размæ) чындзæхсæвты фæзарыд, уæд уый сфæлдыстад рахонæн ис? Сфæлдыстад у, адæмы размæ куы рахизай, гæнæн ис, æмæ рынчынæй дæр, дæ фарсмæ æмбæлтты æххуыс куы 'нкъарай, дæ арæхстдзинад куы æвдисай, уæд уый. Дæсныдзинад та у, «мæ бон нæу»-ы сæрты ахизгæйæ, сценæмæ куы рацæуай, уæд уый. Тынг хорз музыканттæ сты ме 'мкусджытæ, бирæ азты сæ зонын. Куыд адæймæгтæ, афтæ дæр фæзминаг сты. Хъуамæ дæ фæнда сценæмæ рацæуын, стæй йæм тырнгæ дæр кæнай. Уый нæй, уæд куыст ныууадзын хъæуы. Хъуамæ зонай, цы аразыс, уымæй залы бадæг разы кæй у, арф æй кæй айста сæ зæрдæтæм. Уымæй цæры аивады кусæг. Чи нæ бафæразы, уый ацæуы. Оркестр та цæры! Ситрак Ованесяны хъуыдыимæ алы рæстуд адæймаг дæр сразы уыдзæн, – дзуры Зæлинæ.

«Джаз иронау» хуымæтæджы нæ рахуыдтой, сæ зарджытæ æмбырдгондæй цы дискыл рацыдысты, уый. Сты дзы, **Къæбойты Лизæйы** репертуары цы зарджытæ ис, уыдон. Оркестры программæтæй иу у «Хиты разных стран». Сæ архайды фæдыл аивадон разамонæг афтæ зæгъы:

– Джаз нæм зæлы афæдз иу хатт, иннæ рæстæг та – уарзондзинады, Райгуырæн бæстæйыл зарджытæ. Госпитæлмæ бацæугæйæ, алчидæр кæй зоны, уыцы бирæ фæлтæрты зарджытæ фæзарæм.

Суанты Кимы номыл паддзахадон национ-эстрадон оркестр зынгæ бынат ахсы Ирыстоны музыкалон культурæйы, стыр ахъаз у йæ рæзтæн. Ис ын рæсугъд райдайæн, цардхъом абон, æмæ нæ зæрдæ дардзыстæм, иннæ адæмты культурæты 'хсæн аккаг бынаты лæуд кæй уыдзæн, ахæм фидæныл.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къамтæ**

Царды фæзилæнтæ

## Мæ ахуыр нæ халын

**«Зæронд дзаума буармæ хæстæгдæр у» æмбисондæн баззад. Мæнмæ дæр ахæм миниуæг ис: исты дзаума мæм æрбахауд, уæд баихсидзæн, фæлæ йæ уæддæр дардзынæн. Афтæ мæм фæкæсы, цыма дзы уæлдай тавс ис, цæмæдæр гæсгæ мын адджындæр вæййы, ногæй баивын æмæ йæ аппарын мæ цæст нæ фæуарзы. Афтæ мæ къахыдарæс дæр. Чи зоны, æнæхсæст, сæмпæрчъи дæн, фæлæ уымæй мæ зæрдæ мæхимæ никуы фехсайдта.**





Цæвиттон, «Рæстдзинад»-ы газеты бирæ азты мемæ фæкуыста курдиатджын журналист, æрæджиау æй куыд базыдтон, афтæмæй поэт æмæ нывгæнæг дæр **Абайты Арбилянæ**. Адæм ын йе 'рмæджытæ зæрдиагæй кастысты, фæлæ цæмæдæр гæсгæ йæ куыстæй ацыд...

Ныхæстæ дардыл цæуынц, фæлæ иу сау сæрак къуырткæ дзæвгар ме рагъæй нæ ластон. Уæды рæстæджы редакцийы дæргъæй-дæргъмæ хæсгæрдтæ дардтой гæххæтт уыцы-иу чъепп акæнынæн. Æмæ мæм Арбилянæ ахæм хæсгардимæ куы фæзынид. Зæгъын дзы цы лыг кæныс, цæмæн æй æрбахастай. Æмæ, дам, дын ныртæккæ дæ зæронд ихсыд къурткæ хъуамæ йæ астæуыл дыууæ дихы фæкæнон, мæ бон дæм кæсын нæу, цас ма йæ дардзынæ. Мæ бар, дам, дыл цæуы, уымæн æмæ дæ хо дæн. Мæхи фæрæстытæ кодтон, фæлæ йæ ныхасмæ байхъуыстон. Ног дзаума скодтон...

Ацы рæнхъытæ фысгæйæ мæм æрбауад ме 'мкусæг **Бызыккаты Земфирæ**, мæ уæлæ – ног свитер. Æрмæст аив дзаума скæнын адæймаджы хорздзинадыл дзурæг нæу. Сæйрагдæр сты рæсугъд миниуджытæ, фæлæ, кæйдæр загъдау, адæймаг хъуамæ алцæмæй рæсугъд уа, уыимæ, дзаумайæ дæр.

Цæуыл фыссын, уый Земфирæйæн дæр радзырдтон, æмæ, дам, æз дæр дæу хуызæн куы дæн дзаумайыл, фæлæ уæддæр свитер мæ зæрдæмæ тынг фæцыд.

Ныр мæхæдæг дæр зæронд дæн, фæлæ кæмæндæрты æппаринаг нæма дæн, нырма сæ хъæугæ кæнын. Чи зоны, мæ ног дзаума мауал батонон. Фæлæ, цы нæ вæййы – æвзæр бынıл зайы. Æмæ та йæ йæ базæрондмæ мæ уæлæйæ куы нæ ласон, уæд мыл макæй зæрдæ фæхудæд – зæронд дзаума буармæ хæстæгдæр у, æмæ мæ ахуыр нæ фехалдзынæн!.. Чи зоны, зæххон хуымæтæгдзинадмæ кæй тырнын, уымæн афтæ у...

**АБАЙТЫ Эдуард**

Адæймаг æмæ йæ ном

## Фæцарди лæгау лæгты рæнхъы

**Æвæццæгæн нын нæ рагфыдæлтæй баззад уыцы миниуæг – кæимæ цæрай, уыцы адæмæн хорзы цæуын, сæ зæрдæхудтæй сын тæрсын, бахъуыды сахат сын баххуысмæ тырнын. Мустыздæхы райгуырæг Етдзаты Арсены фырт Климент (хиуæттæ, йæ хорз хæлæрттæ, зонгæтæ йæ Клим хуыдтой) 1975 азы йæ цард баиу кодта Дудиаты Михалы чызг Эльзæимæ.**

Æрыгон бинонтæ иуцасдæр ацардысты ам, нæхимæ, Ирыстоны, стæй ацыдысты Мæскуымæ. Стыр горæтты стырдæр гæнæнтæ æмæ фæрæзтæ кæй ис цард рацаразынæн, уый сусæггаг нæу. Хъæппæрисджын, амалхъомдзинадæй хайджын, къухæй дæсны Климент йæ хуызæн куыстхъом бынæттон лæппутимæ бавнæлдта, абон Варшавкæ кæй хонынц, уыцы фæзуаты хæдтулгæтæм зилыны техникон центр саразынмæ. Бирæ цæлхдурты сæрты ахызтысты лæпputæ, сæ нысанмæ тырнгæйæ, фæлæ сæ ныфс никуы асаст, зындзинæдтæй нæ тарстысты. Сæ хистæр Климент архайдта, цæмæй фидæны техникон центр дзуапп дætта нырыккон домæнтæн, хæдтулгæты хицæуттæ кæддæриддæр разы уой сæ лæггадæй, фыдæнхъæл сæ макуы фæкæна.

Техникон центр йæ къæхтыл куы слæууыд, стæй уый фæстæ дæр йæ аразджытæ, ирон лæппу Етдзаты Климент – сæ разамонæг, афтæмæй систы иу бинонтау – æнгом, хæларзæрдæ, æгъдауыл хæст коллектив.

Клименты чызг Иринæ мын куыд радзырдта, афтæмæй æнæ кæрæдзи иу уысм дæр нал фæрæзтой, сæ бæрæгбæттæ, æндæр зынгæ цаутæ дæр сын систы иумæйаг.

Етдзайы-фырт йæхæдæг уыд растзæрдæ, æнæсайд, йæ ныхасæн – фидар хицау æмæ коллективы уæнгтæй алкæмæй дæр домдта ахæм æгъдау.

Уæлдай тынгдæр уарзта Климент ирон бæрæгбæттыл йæ мæскуыйаг æмбæлттимæ æмбæлын. Уым сæ зонгæ кодта нæ рагфыдæлты æгъдæуттимæ, бæстон сын дзырдта сæ мидис, сæ нысаниуæг, сæ егъау ахадындзинад ирон адæмы царды, фæсивæды хъомылады, нæ удварны рахæцæнты. Тынг æй фæндыди, цæмæй нæ ма хоной «кавказаг адæмыхатт» (лицо кавказской



Уæд ма Климент æмæ йæ бинойнаг Эльзæ дæр цардæгас уыдысты. Амондджын ныййарджытæ сæ цот Зæлинæ, Иринæ æмæ Зæринæимæ

национальности), фæлæ йæ зоной, Уæрæсеимæ баиу кæныны фæстæ сæдæгай азты дæргъы йын Ирыстон кæй уыди иузæрдион, æнæсайд æмбал сабыр царды æмæ хæстон лæгæвзарæн дуджы дæр, нæ аивады, культурæйы, спорты минæвæрттæ канд нæхи бæстæйы нæ, фæлæ фæсарæйнаг паддзахæдты дæр кæй сты зындгонд æмæ кадджын.

Ирыстонæй дæрддзæф цæргæйæ дæр, Климент архайдта, цæмæй йæ кæстæртæ, уыдоны кæстæртæ ма рох кæной нæ мадæлон æвзаг, нæ рæсугъд æгъдæуттæ, зоной адæмимæ цæрын.

Иринæ куыд зæгъы, афтæмæй сæ йæ фыд тынг уарзта, фæлæ не 'вдыста йе 'нкъарæнтæ. Æрмæст иу цау уæлдай тынгдæр бахъуыды кодта Иринæ. Кæддæр ын æвæстиатæй операци кæнын бахъуыди - куырмтъангæй, рынчындонмæ дæр æй Климент йæхæдæг аласта. Операци хорз ацыди, чызг йæхи æрæмбæрста хосты фæстæ. «Куы мæ раластой мæ палатæмæ, уæд папæ тагъдгомау æрбауад каталкæмæ, тынг æй фæндыд мæ фенын – куыд дæн, цы дæн. Фемдзаст стæм. Æз ын ахæм цæстæнгас никуы федтон – уыйбæрц тарсти мæ цардæн, уыйбæрц æнæкæрон уарзондзинад уыд йæ цæстыты, абон дæр мæ нæу рох», – мысы Иринæ.

Климент йæ цардæй куы ахицæн, уæд ын фæстаг фæндараст зæгъынмæ æрбацыд тынг бирæ адæм – канд хиуæттæ, хæстæджытæ нæ, фæлæ, бирæ азты кæимæ фæкуыста, æфсымæртау кæимæ фæцарди, уыдон дæр. Фæдзæхста, цæмæй йе 'нусон бынат уа йæ уарзон Ирыстоны, æмæ йын бинонтæ сæххæст кодтой йæ фæстаг фæндон.

Лæгау лæгты рæнхъы фæцарди Климент, арфæйаг фæд ныууагъта йæ уæлæуыл царды, уымæ гæсгæ рох нæ уыдзæн йæ уарзон Ирыстоны цæрджытæ æмæ мæскуыйæгтæй дæр.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

